

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Metode Panalungtikan

Unggal panalungtikan miboga tujuan sarta fungsi anu tangtu. Pikeun ngahontal tujuan anu dipiharep, diperlukeun hiji metode anu baris ngungkulan sakabéh pasualan anu patali jeung panalungtikan. Sacara étimologi, metode asalna tina kecap *meta* nu hartina ngaliwatan, nuturkeun, sanggeus, jeung kecap *hodos* nu hartina jalan, cara, arah. Jadi, metode mangrupa salah sahiji cara, tarékah nu digunakeun pikeun ngungkulan masalah nu aya patalina jeung panalungtikan sangkan bisa ngahontal tujuan anu dipiharep.

Luyu jeung tujuan anu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun ajén budaya anu aya dina kasenian réog dongkol di desa Karyamukti kecamatan Pataruman kota Banjar, panalungtik seja ngaguar sarta ngébréhkeun ieu panalungtikan ngagunakeun metode panalungtikan déskriptif sangkan bisa leuwih museur kana fokus panalungtikan. Dina metode panalungtikan déskriptif diébréhkeun sagala hal anu patali jeung panalungtikan ti mimiti masalah anu jadi kasang tukang panalungtikan, dasar tiori anu ngawewegan masalah sarta fokus panalungtikan, nepi ka ngébréhkeun hasil panalungtikan sahingga kahontal tujuan utama panalungtikan.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik nya éta salah sahiji cara atawa usaha anu dilakukeun pikeun ngahontal tujuan anu geus ditangtukeun dina panalungtikan. Dina ieu panalungtikan baris ngagunakeun téhnik panalungtikan saperti ieu di handap :

1) Téhnik Ngumpulkeun Data

Tékhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah anu stratégis dina panalungtikan, sabab tujuan utama tina panalungtikan nya éta hayang meunangkeun data. Dina téknik ngumpulkeun data, panyusun ngagunakeun sababaraha téknik di antarana studi pustaka pikeun nangtukan dasar-dasar tiori anu patali jeung panalungtikan sarta pikeun nguatkeun argumén dina hasil panalungtikan. Salian ti éta, pikeun meunangkeun data sarta mikanyaho kaayaan sacara nyata, panyusun ngayakeun wawancara sarta obsérvasi sacara langsung ka tempat panalungtikan.

- a. Observasi nya éta kagiatan museurkeun panitén kana hiji obyék ngagunakeun pancadria, cara ngumpulkeun data sacara langsung atawa nyata dumasar kana data anu aya. Numutkeun Marshall (Sugiyono, 2011: 226), ngaliwatan observasi, panalungtik diajar ngeunaan paripolah jeung ma'na tina éta paripolah. Dina ieu panalungtikan anu jadi objék observasi nya éta kasenian réog dongkol anu aya di Désa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar.
- b. Wawancara nya éta gunem catur. Wawancara mangrupa *studi pendahuluan* pikeun nimukeun pasualan anu kudu ditalungtik sarta digunakeun salaku téknik ngumpulkeun data kalayan gemet ngalibetkeun diri pribadi atawa sakurang-kurangna ngadadasaran diri kana pangaweruh jeung keyakinan pribadi. Anu jadi nara sumber dina ieu panalungtikan nya éta jalma-jalma anu patali jeung objék panalungtikan diantarana pupuhu sanggar seni Réog Dongkol Mekar Idaman, anu maén langsung dina ieu kasenian, atawa warga Désa Karyamukti anu séjén.

2) Téknik Ngolah Data

Tékhnik ngolah data dilaksanakeun sanggeus sakabéh data anu diperlukeun kakumpul. Kagiatan dina ieu téknik ngolah data di antarana ngelompokkeun data anu geus aya, milah-milah, sarta tatahar pikeun ngajawab rumusan masalah anu dijieun saacanna, nya éta :

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Ngadéskripsikeun kasenian réog dongkol anu aya di desa Karyamukti ti mimiti sajarah, kaayaan, nepi ka prak-prakan pintonanna jiga kumaha tina hasil observasi sarta wawancara sacara langsung di tempat panalungtikan, diwewegan ku tiori anu dijadikeun dadasar panalungtikan (tina hasil studi pustaka),
- b. Ngadéskripsikeun ajén budaya dina ksenian réog dongkol tina hasil panalungtikan ngaliwatan observasi jeung wawancara,
- c. Nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panyusun dina ngumpulkeun sarta ngolah data, sangkan leuwih gampang dina ngokolakeun hasil panalungtikanana. Salah sahiji instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara. Pedoman mangrupa sababaraha patalékan anu digunakeun acuan salaku dadasar dina ngayakeun wawancara jeung nara sumber atawa sumber data pikeun meunangkeun data/ informasi ngeunaan kasenian réog dongkol di Désa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sajumlahing patalékan anu digunakeun pikeun ngawawancara, di antarana :

| Data Informan | |
|--|---|
| 1. Wasta 2. Tempat, ping gumelar 3. Alamat 4. Pakasaban Patalékan di handap mangrupa gurat badag tina patalékan anu bakal diajukeun sangkan teu méngpar teuing tina tujuan panalungtikan anu hayang dihontal, di lapangan bisa leuwih ngalegaan dumasar kabutuhan. | |
| No | Patalékan |
| 1. | Saha anu nyiptakeun kasenian réog dongkol ? |

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

| | |
|-----|---|
| 2. | Kumaha sajarah ayana kasenian réog dongkol ? |
| 3. | Lodong anu kumaha anu digunakeun dina ieu kasenian ? |
| 4. | Naon bédana jeung lodong biasa anu sok digunakeun nyadap ? |
| 5. | Naon anu jadi udagan atawa tujuan utama tina kasenian réog dongkol ? Naha ngan saukur pikeun hiburan wungkul atawa aya udagan anu séjén ? |
| 6. | Naha milih kohkol pikeun ngadumaniskeun sora anu dihasilkeun ku lodong ? |
| 7. | Iraha kasenian réog dongkol dipintonkeun ? |
| 8. | Sabaraha urang biasana nu diperlukeun pikeun mintonkeun ieu kasenian? |
| 9. | Lagu-lagu nu kumaha anu biasa dipintonkeun dina kasenian réog dongkol ? |
| 10. | Téma naon anu biasa dilalakonkeun dina ieu kasenian ? kunaon pangna nyokot éta téma ? |
| 11. | Aya henteu patokan husus dina mintonkeun réog lodong jeung kohkol ieu ? |
| 12. | Saha anu nyiptakeun gerakan dina ibingan anu dipirig ku kasenian réog dongkol ? |
| 13. | Naon fungsi awi anu digunakeun ku nu ngibing ? |
| 14. | Bangbaluh naon anu karasa mimiti nalika magelarkeun atawa mintonkeun kasenian réog dongkol? |
| 15. | Naon anu jadi kaonjoyan tina kasenian réog dongkol ? Kumaha peranan pamaréntah hususna dinas kabudayaan kana kasenian réog dongkol ? |

3.4 Lokasi jeung Sumber Data Panalungtikan

3.4.1 Lokasi Panalungtikan

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Lokasi anu dijadikeun tempat panalungtikan nya éta aya di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar. Désa Karyamukti anu dijadikeun tempat panalungtikan aya di Kecamatan Pataruman Kota Banjar, jarakna 15 Km ti puseur kota. Wates wilayah Désa Karyamukti nya éta beulah kalér aya Désa Mulyasari, beulah wétan aya Désa Puloerang Kecamatan Lakbok, beulah kidul aya Désa Kutawaringin Kecamatan Purwadadi, beulah kulon watesna jeung Désa Batulawang. Legana wilayah Désa Karyamukti nya éta 808,295 Ha ngawengku sawah, kebon, leuweung, toko, pasar, bangunan imah, jrrd.

Désa Karyamukti kaasup wilayah anu subur, hal ieu katitén tina tatanén jeung bungbuahan anu aya di ieu wilayah saperti sampeu, kacang kedelé, bonténg, cau, acéh (rambutan), jeung kalapa. Legana Désa Karyamukti iwal ti dipaké pamukiman, dipaké pikeun pepelakan anu hasilna bisa dimangpaatkeun sakumaha kabutuhan. Salaku masarakat anu nyicingan hiji tempat, warga Désa Karyamukti ngagem hiji kapercayaan anu museur kana kakawasaan Allah SWT nya éta Islam. Méh kabéh masarakat Désa Karyamukti ngagem agama Islam. Ku kituna di ieu désa kapanggih sababaraha bangunan anu ngarojong kana ageman masarakatna nya éta bangunan masjid jeung madrasah

Dina widang atikan, Désa Karyamukti bisa kasebut cukup. Masarakat anu aya mampuh nyuprih élmu sarta mampuh nyakolakeun budakna boh ti TK nepi ka jadi sarjanana, boh anu ngan saukur nepi ka jengjang atikan luyu jeung kamampuhna sewang-séwangan. Hal ieu katitén tina jumlah penduduk Désa Karyamukti anu lobana 5423 urang, sababaraha diantarana anu sakola luhur atawa kungsi ngalaman sakola ngan nepi ka tingkat anu luyu jeung kamampuh. Ngaliwatan basa Sunda, masarakat Désa Karyamukti ngalakonan kahirupanana sacara gotong royong, sabab gotong royong mangrupa dadasar dina sakabéh kagiatan manusa.

3.4.2 Sumber Data

Anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta:

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu


- 1) *Pencetus* (anu nyiptakeun) kasenian réog dongkol, jeung
- 2) masarakat, boh ti aparat désa boh ti masarakat umum.

3.5 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang anu digunakeun ku panalungtik pikeun meunangkeun data anu rék ditalungtik. Desain panalungtikan ngawengku prosés-prosés saperti ieu di handap :

1. Ngaidéntifikasi sarta nangtukeun masalah panalungtikan
2. Nangtukeun dadasar tiori anu dijadikeun titik pamiangan ngalaksanakeun panalungtikan
3. Nangtukeun téhnik ngumpulkeun data
4. Nganalisis data anu dibeunangkeun
5. Ngalaporkeun hasil panalungtikan

Saupama digambarkeun sacara gurat badag desain dina ieu panalungtikan anu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun sajarah, pintonan, jeung ajén budaya anu nyangkaruk dina kasenian réog dongkol di Désa Karyamukti nya éta :



Gambar 3.1

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Desain panalungtikan

3.6 Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tafsir kana ieu panalungtikan, aya sababaraha istilah anu kudu dihartikeun, di antarana :

1. Ajén budaya

Ajén budaya nya éta ajén inajén anu aya sarta dirageman ku hiji masarakat, organisasi, anu nyoko kana kabiasaan, kapercayaan jeung simbol-simbol anu tangtu. Ajén budaya bakal katitén tina simbol, slogan, moto, visi, atawa misi.

2. Kasenian

Seni nya éta kamampuh jalma pikeun nyiptakeun kaéndahan, kaweruh. Kasenian nya éta naon-naon anu jadi seni jalma saperti kasenian ngibing, penca, réog, jsb. Kecap kasenian dina basa Sunda sakapeung sok dihartikeun salaku kabinangkitan kusabab ngaliwatan seni, manusa bangkit ngébréhkeun kaéndahan ngaliwatan kréativitas anu dipimilikna. Ahli seni atawa tukang ngulik seni disebut seniman.

3. Réog Dongkol

Réog nya éta kasenian karuhun Sunda anu eusina sempal guyon garogonjakan suka bungah, biasana dilaksanakeun sanggeus panén bari ngaleupaskeun cape, kituna téh dipirig ku tatabeuhan pakakas nu aya disakurilingeunana anu ngahasilkeun sora anu sarimbag. Sedengkeun kecap dongkol mangrupa singgetan tina lodong jeung kohkol. Patalina jeung kasenian réog nya éta kasenian anu diciptakeun tina kolaborasi lodong jeung kohkol anu diadumaniskeun jeung pakakas kasenian nu séjénna nepi ka ngahasilkeun sora anu teu éléh éndahna jeung kasenian réog anu séjén.

4. Bahan Pangajaran

Bahan pangajaran nya eta hal nu rek dipedar atawa digunakeun nalika proses diajar ngajar. Bahan pangajaran nu rek digunakeun di dieu nya eta pikeun bahan pangajaran maca artikel di SMP kelas IX.

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5 Tahap-tahap Panalungtikan

Tahap-tahap panalungtikan anu dipedar dina ieu panalungtikan diantarana :

1. Tahap ngumpulkeun data

Dina tahap ngumpulkeun data nya éta ngumpulkeun informasi anu patali jeung objek panalungtikan kaasup tiori anu dijadikeun dadasar dina ngalaksanakeun panalungtikan. Ngagunakeun sababaraha téhnik panalungtikan anu diantarana nya éta studi pustaka pikeun meunangkeun tiori anu diperlukeun, wawancara ka nara sumber anu aya anu patali jeung tujuan panalungtikan, obsérvasi sacara langsung ka tempat panalungtikan, sarta ngadokuméntasikeun naon-naon anu dipibeunang salila panalungtikan pikeun bukti nyata.

2. Tahap ngolah data

Tahap ngolah data mangrupa tahap kadua sanggeus sakabéh data anu diperlukeun ti mimiti tiori anu jadi dadasar panalungtikan, hasil wawancara jeung obsérvasi sacara langsung, sarta dokuméntasi kakumpul, dipilah-pilah mana anu saluyu mana anu henteu, diolah, nepi ka jadi data atawa informasi anu siap dilaporkeun.

3. Tahap nyusun jeung ngalaporkeun data

Tahap pamungkas sanggeus sakabéh informasi diolah nya éta nyusun sarta ngalaporkeun hasilna dina wangun karya tulis skripsi anu eusina :

- a. BAB I Bubuka
- b. BAB II Dasar Tiori
- c. BAB III Metode Panalungtikan
- d. BAB IV Ajén Budaya dina Kasenian Réog Dongkol di Désa Karyamukti Kacamatan Pataruman Kota Banjar
- e. BAB V Kacindekan jeung Saran

Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX
 Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



Novi Rosdiani, 2013

Ajen Budaya Dina Kesenian Reog Dongkol Di Desa Karyamukti Kecamatan Pataruman Kota Banjar
Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Di SMP Kelas IX

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu